**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ**
28.11.1998-ж. №412/I

# ҲҮЖДАН ЕРКИНЛИГИ ҲӘМ ДИНИЙ ШӨЛКЕМЛЕР ҲАҚҚЫНДА
**(жаңа редакцияда)**

Усы Нызамларға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген:
22.05.2010-ж. 31/II-санлы ҚР Нызамы
18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы ҚР Нызамы
26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы ҚР Нызамы

**1-статья. Нызамның мақсети**

Бул Нызамның мақсети ҳәр бир адамның ҳүждан еркинлиги ҳәм динге сыйыныў ҳуқықын, динге мүнәсибетине қарамастан пуқаралардың теңлигин тәмийинлеў, сондай-ақ диний шөлкемлердиң жумысы менен байланыслы қатнасықларды тәртиплестириўден ибарат.

**2-статья. Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққындағы нызам актлери**

Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққындағы Нызам актлери Қарақалпақстан Республикалары Конституциясынан, усы Нызам ҳәм басқа нызам актлеринен ибарат.

Егер Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының халықаралық шәртнамасында «Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамында нәзерде тутылған қәделерден басқаша қәделер белгиленген болса, халықаралық шәртнама режелери пайдаланылады.

**3-статья. Ҳүждан еркинлиги ҳуқықы**

Ҳүждан еркинлиги - бул пуқаралардың қәлеген динди тутыў ямаса ҳеш қандай динди тутпаўдан ибарат кепилленген конституциялық ҳуқықы болып есапланылады.

Пуқара өзиниң динге мүнәсибетин, динди тутыўға ямаса динди тутпаўға, қудайға сыйыныўға, диний салт-дәстүрлерге ҳәм мәресимлерге, диний оқыўға қатнасыў ямаса қатнаспаў мүнәсибетин белгилегенде оны мәжбүрлеўге жол қойылмайды.

Кәмалат жасына жетпеген балаларды диний шөлкемлерге тартыў, сондай-ақ олардың еркине, ата-аналары ямаса олардың орнын басатуғын адамлардың еркине қарсы жағдайда динге оқытыўға жол қойылмайды.

Динди ямаса басқа исенимлерди тутыў еркинлигин әмелге асырыўда миллий қәўипсизликти ҳәм жәмийетлик тәртипти, басқа пуқаралардың өмири, денсаўлығы ҳәм моралын, сондай-ақ ҳуқықларын ҳәм еркинликлерин қорғаў ушын тек зәрүрли шеклеўлер болыўы мүмкин.

Сырт ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған адамлар Қарақалпақстан Республикасы пуқаралары менен тең рәўиште ҳүждан еркинлиги ҳәм динди тутыў еркинлигинен пайдаланады ҳәм ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққындағы нызам актлерин бузғаны ушын нызамда белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

**4-статья. Пуқаралардың динге мүнәсибетине қарамастан тең ҳуқықлылығы**

Қарақалпақстан Республиукасы пуқаралары динге мүнәсибетине қарамастан Нызам алдында тең. Рәсмий актлеринде пуқаралардың динге мүнәсибетиниң көрсетилиўине жол қойылмайды. Пуқаралардың динге мүнәсибетине қарап олардың ҳуқықларын ҳәр қандай шеклеў ҳәм оларға тиккелей ямаса қосымша артықмашылықлар бериў, душпанлықты ҳәм өшпенлиликти қоздырыў, диний ямаса атеистлик исеними менен байланыслы олардың намысына тийиў, диний зияратларды аяқ асты етиў Нызамда белгиленген жуўапкершиликлерге (объектлер) алып келеди.

Ҳәр ким өз исенимин бәнелеп Нызам менен белгиленген миннетлерди орынлаўдан бас тартыўға ҳақылы емес. Бир миннетти орынлаў орнына диний исенимлерди сылтаў етип, басқа миннетти орынлаўға тек нызам актлеринде нәзерде тутылған жағдайларда ғана жол қойылады.

**5-статья. Динди мәмлекеттен ажыратыў**

Қарақалпақстан Республикасында дин мәмлекеттен ажыратылған. Бир динниң ямаса бир неше динниң басқа динлерден қандай да бир жеңиллик ямаса шеклеўлер белгилеўге жол қойылмайды. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

Мәмлекет ҳәр қыйлы динлерге сыйынатуғын ҳәм оларға сыйынбайтуғын пуқаралар, ҳәр қыйлы динлердиң диний шөлкемлери арасында маўасалы ҳәм ҳүрметли қатнасықларды орнатыўға жәрдемлеседи, ҳәр қыйлы динлер менен конфессиялар арасында бир-биреўди қарама-қарсы қойыўға ҳәм қатнасықларды кескинлестириўге, душпанлықты күшейтиўге қаратылған диний ҳәм басқа көзсизликке, экстремистлик ҳәрекетке жол қоймайды. Мәмлекет диний конфессиялар арасындағы тынышлық ҳәм татыўлықты қоллап-қуўатлайды. Бир диний конфессиядағы динге сыйыныўшы (диндар)лардың басқасына киргизилиўине қаратылған ҳәрекетлер (прозелитизм), сондай-ақ басқа ҳәр қандай миссионерлик ҳәрекетлерине тыйым салынады. Белгиленген нормалардың бузылыўында айыпкер болған адамлар Нызамға муўапық жуўапкершиликке тартылады. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

Мәмлекет диний шөлкемлерге қандай болмасын мәмлекетлик ўазыйпаларды орынлаўды жүклемейди, олардың нызамға қарсы болмаған жумысына араласпайды. Диний шөлкемлер мәмлекетлик ўазыйпаларды атқармайды. Мәмлекет диний шөлкемлердиң жумысын ҳәм атеизмди үгит-нәсиятлаў бойынша жумысты қаржы менен тәмийинлемейди.

Қарақалпақстан Республикасында диний көзқарастағы сиясий партия ҳәм жәмийетлик ҳәрекетлерди, сондай-ақ, республикадан сыртта дүзилген диний

партиялардың филиалларын ҳәм бөлимлерин дүзиўге ҳәм олардың ҳәрекет етиўи (жумыс ислеўи) не жол қойылмайды.

Диний шөлкемлер ҳәрекеттеги нызамлардың талапларын орынлаўы шәрт. Динди мәмлекетке ҳәм Конституцияға қарсы үгит-нәсиятлаў, душпанлықты, өшпенлиликти, миллетлераралық алаўызлықты оятыў, мораллық негизлерди ҳәм пуқаралық татыўлықты бузыў, жала, жағдайды турақсызландырыўшы жалған-алжасықларды тарқатыў, халық арасында қорқыныш пайда етиў ҳәм мәмлекетке, жәмийет ҳәм адамға қарсы қаратылған басқа ҳәрекетлерди ислеў мақсетинде пайдаланыўға жол қойылмайды. Терроризм, наркобизнес ҳәм шөлкемлескен жынаятшылыққа жәрдемлесетуғын, сондай-ақ басқа ғәрезли мақсетлерди нәзерлеўши диний шөлкемлер, ағымлар, секталар ҳәм басқа да топарлардың ҳәрекетине тыйым салынады.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларына, лаўазымлы шахсларға басым өткериўге қаратылған ҳәр қандай ҳәрекет, сондай-ақ жасырын диний искерлик нызам менен қадаған етиледи. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**6-статья. Мәмлекетлик уйымлардың ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының диний шөлкемлер менен өз ара қатнасықлары бойынша ўәкилликлери**

Мәмлекетлик уйымлар менен диний шөлкемлердиң өз-ара қатнасықларын муўапықластырыў ҳәм ҳүждан еркинлиги және диний шөлкемлер ҳаққындағы нызам актлериниң орынланыўын қадағалаў ўазыйпасы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине жүкленеди.

Районлар ҳәм қалалар ҳәкимликлери, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тийисли аймақларда ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққындағы нызам актлериниң әмелге асырылыўы ушын нызам бойынша жуўапкер болып табылады. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**7-статья. Билимлендириў ҳәм дин**

Қарақалпақстан Республикасында билимлендириў тараўы диннен ажыратылған. Билимлендириў саласының оқыў бағдарламаларына диний тәлимниң киргизилиўине жол қойылмайды.

Қарақалпақстан Республикасының пуқараларының дүньялық тәлим алыў ҳуқықы олардың динге болған қатнасықларына қарамастан тәмийин етиледи.

**8-статья. Диний шөлкемлер**

Қарақалпақстан Республикасы пуқараларының динди тутыў, сыйыныў, диний салт-дәстүрлерди ҳәм мәресимлерди биргеликте атқарыў мақсетинде дүзилген ықтыярлы бирлеспелери (диний жәмийетлер, диний оқыў орынлары, мешитлер, ҳәм басқалар) диний шөлкемлер болып табылады.

Диний шөлкем Қарақалпақстан Республикасының 18 жасқа толған ҳәм Қарақалпақстан Республикасы аймағында турақлы жасаўшы жүзден кем болмаған пуқараларының басламасы менен дүзиледи.

Тийисли конфессияға қараслы диний шөлкемлердиң жумысын муўапықластырыў ҳәм бағдарлап барыў ушын олардың Қарақалпақстан Республикасы бойынша бирден-бир Орайлық басқарыў уйымы (буннан кейин аОрайлық басқарыў уйымыА деп аталады) дүзилиўи мүмкин.

Орайлық басқарыў уйымы кеминде сегиз аймақлық дүзилмеде (район ҳәм Нөкис қаласы) жумыс алып барып атырған, тийисли конфессияның дизимге алынған диний шөлкемлери ўәкиллериниң шөлкемлестириў жыйналысы тәрепинен дүзиледи. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында алып тасланған)*

**Диний шөлкемлер Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик ўәзирлигинде дизимге алынғаннан соң юридикалық тәреп статусына ийе болады ҳәм нызам актлеринде нәзерде тутылған тәртипте өз жумысын әмелге асырыўы мүмкин.**

**Тийисли диний мағлыўматқа ийе болған Өзбекстан Республикасының пуқаралары диний шөлкемниң басшылары болыўы мүмкин. Диний шөлкемлер басшылығына Өзбекстан Республикасының пуқарасы болмаған шахслардың кандидатурасы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Дин ислери бойынша комитет пенен келисип алынады.** *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**9-статья. Диний оқыў орынлары**

**Диний шөлкемлердиң орайлық басқарыў уйымлары диний хызметкерлерди ҳәм өзлерине зәрүр болған диний қәнигеликлерге ийе басқа да хызметкерлерди таярлаў ушын диний оқыў орынларын дүзиўге ҳақылы. Диний оқыў орынлары тийисли ўәкилликли уйымда дизимнен өтип, лицензия алғаннан кейин жумыс алып барыў ҳуқықына ийе болады.**

**Жоқары ҳәм орта диний оқыў орынларында билим алыў ушын пуқаралар нызамға муўапық улыўма мәжбүрий орта билим алғаннан соң қабыл етиледи.** *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерис киргизилген)*

**Диний оқыў орынларында диний пәнлерди оқытып атырған адамлар диний мағлыўматқа ийе болыў ҳәм өз жумысларын тийисли орайлық басқарыў уйымының рухсаты менен әмелге асырыўы тийис.**

**Жеке тәртипте диний тәлим бериў қадаған етиледи.**

**10-статья. Диний шөлкемлердиң уставы**

**Диний шөлкемлердиң уставы төмендеги мағлыўматларды өз ишине алған болыўы керек:**

**диний шөлкемниң атамасы, түри, мәкан жайы, қайсы динге қараслылығы;**

**мақсети, ўазыйпалары ҳәм жумысының тийкарғы түрлери;**

**жумысын шөлкемлестириў ҳәм тоқтатыў тәртиби;**

**дүзилиси ҳәм басқарыў уйымлары;**

**қаржы дәреклери ҳәм усы шөлкем ишиндеги, сондай-ақ оннан тысқарыдағы мүлклик қатнасықлары;**

**уставқа өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў тәртиби;**

**усы диний шөлкемге тийисли басқа мағлыўматлар.**

Орайлық басқарыў уйымларына ийе диний шөлкемлердиң уставлары усы басқарыў уйымлары менен келисилген болыўы тийис. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында алып тасланған)*

**11-статья. Диний шөлкемлерди дизимге алыў**

**Қарақалпақстан Республикасында диний шөлкемлерди дизимге алыў Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик ўәзирлиги тәрепинен Нөкис қаласында Қарақалпақстан Республикасы Ўәзирлер Кеңеси Баслығының усы салалар бойынша орынбасары жанындағы дин ислери бойынша ўәкили менен келисилген жағдайда әмелге асырылады.**

**Диний шөлкемлерди дизимге алыў ушын төмендеги ҳүжжетлер усынылады:**

**жалпы саны жүзден кем емес Қарақалпақстан Республикасы пуқараларының басым бөлегиниң қол қойған арзасы:**

**диний шөлкемниң уставы;**

**шөлкемлестириў жыйналысының баянламасы;**

**диний шөлкемниң жайласқан орнын тастыйықлаўшы ҳүжжет;**

**мәмлекетлик бажы төленгенлиги ҳаққында ҳүжжет.** *(ҚР 22.05.2010-ж. 31/II-санлы-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

Диний шөлкемлериниң орайлық басқарыў уйымын дизимге алыў ушын төмендеги ҳүжжетлер усынылады:

шөлкемлестириў жыйналысы (конференциясы)ның баслығы ҳәм хаткери қол қойған арза;

диний шөлкемлер Орайлық басқарыў уйымының уставы;

шөлкемлестириў жыйналысы (конференциясы) ның баянламасы;

шөлкемлестириўшилердиң ўәкиллигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлер;

басшы уйымының жайласқан мәкан жайын тастыйықлаўшы ҳүжжет;

мәмлекетлик бажы төленгенлиги ҳаққында ҳүжжет. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында алып тасланған)*

**Диний шөлкемлер дизимнен өткериў ҳаққында арза берилген күннен баслап бир айлық мүддетте көрип шығылады.** *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**Әдиллик ўәзирлиги қосымша материаллар талап етип алыўға ҳәм тийисли уйымлардың эксперт жуўмағын алыўға ҳақылы. Бундай жағдайда қарар дизимнен өткериў ҳаққында арза берилген күннен баслап үш айлық мүддетте қабыл етиледи.**

**Диний шөлкемниң уставына киргизилген қосымшалар ҳәм өзгерислер диний шөлкемди дизимге алыўдағы тәртип ҳәм мүддетлерде дизимге алыныўы тийис.**

**Диний шөлкемлер басшыларының шөлкем уставын мәмлекетлик уйымлардан дизимнен өткериўден бас тартыўы Нызам ҳүжжетлерине муўапық жуўапкершиликке алып келеди.**

**Диний шөлкемлердиң жумысының өз уставына муўапықлығын бақлаў диний шөлкемди дизимге алған уйым тәрепинен әмелге асырылады.**

**Диний шөлкемлердиң дизимнен өтпей ҳәрекет етиўине жол қойған лаўазымлы адамлар Нызам ҳүжжетлерине муўапық жуўапкер болады.**

**12-статья. Диний шөлкемди дизимге алыўдан бас тартыў**

Егер диний шөлкемниң уставының режелери ҳәм басқа ҳүжжетлери усы Нызам яки Қарақалпақстан Республикасының басқа нызам актлериниң талапларына қайшы келсе, оны дизимге алыўдан бас тартылыўы мүмкин.

Диний шөлкемди дизимге алыўдан бас тартылғанда бас тартыў тийкарлары көрсетилген қарар жазба түрде арза ийелерине жибериледи. Диний шөлкемниң басламашылары устав нызам актлерине муўапық жағдайға келтиргеннен соң, уставты дизимге алыў ҳаққындағы арза менен тийислисинше Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик ўәзирлигине қайтадан мүрәжат етиў ҳуқықына ийе.

Диний шөлкемди дизимге алыўдан бас тартқанлығы ямаса !диллик ўәзирлиги тәрепинен усы Нызам талаплары бузылғанлығы үстинен судқа шағым етилиўи мүмкин.

**13-статья. Диний шөлкемниң жумысын тоқтатыў**

Диний шөлкемниң жумысы ол өзин-өзи тарқатып жибергенде ямаса усы Нызамның, сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасының басқа да нызам актлериниң шәртлери бузылған жағдайда тоқтатылыўы мүмкин.

Диний шөлкемниң жумысын тоқтатыў ҳаққындағы қарар оны дизимге алған уйым тәрепинен қабыл етиледи. Бул қарар үстинен судқа шағым етилиўи мүмкин.

**14-статья. Диний салт-дәстүрлер ҳәм мәресимлер**

Диний шөлкемлер қудайға еркин сыйыныў ямаса диний жыйналыслар өткериў ушын қолайлы орынларды дүзиў ҳәм оларды сақлаў, сондай-ақ зияратлаў орынларын сақлаў ҳуқықына ийе.

Қудайға сыйыныў, диний салт-дәстүрлер ҳәм мәресимлер диний шөлкемлер жайласқан жердеги мешитлерде, зияратлаў орынларында қәбирстанлықларда, зәрүрли жағдайларда пуқаралардың қәлеўи бойынша олардың үйлеринде өткериледи. Емлеўханаларда, әскерий даўалаў мәкемелеринде (госпиталларда), егеделер ҳәм майыплар үйлеринде, дәслепки қамақ және жазаны өтеў орынларындағы ибадат етиўлер менен диний тутымлар сол жердеги пухаралардың өтинишине байланыслы өткизиледи.

Диний мәресим ҳәм сыйыныў иморатларынан сыртта өткерилетуғын улыўма ибадат етиўлер, диний салт-дәстүрлер менен мәресимлер Қарақалпақстан Республикасы нызам актлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Қарақалпақстан Республикасы пуқараларының (диний шөлкемлердиң хызметиндегилерден басқа) жәмийетлик орынларда қудайға сыйыныўға арналған кийимлеринде жүриўине жол қойылмайды.

Диний шөлкемлер динге сыйыныўшылардан мәжбүрий пул жыйымлары ҳәм төлеўлер өндириўге, сондай-ақ оларға қарсы адамның абырайын, қәдир-қымбатын кемситиўши шараларды қолланыўға ҳақылы емес.

**15-статья. Диний шөлкемлердиң меншиги**

Диний шөлкемлердиң өз қаржылары есабынан сатып алынған ямаса исленген (дөретилген), пуқаралар, жәмийетлик бирлеспелер ўәсият қылған ямаса мәмлекет тәрепинен берилген, сондай-ақ сырт елде жайласқан ҳәм нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа тийкарларда алынған, өз жумысын тәмийинлеў ушын зәрүр болған жайлары, имаратлары, сыйыныў қураллары, өндирислик, социаллық ҳәм қайырқомлық объектлери, ақша қаржылары ҳәм басқа мал-мүлклер олардың меншиги болыўы мүмкин.

Диний шөлкемлердиң меншик ҳуқықлары Нызам менен қорғалады.

**16-статья. Мәмлекет меншигиндеги мүликтен пайдаланыў**

Диний шөлкемлер мәмлекетлик уйымлары тәрепинен шәртнама тийкарында берилетуғын жайлардан ҳәм мүлклерден өз мүтәжлери ушын пайдаланыўға ҳақылы.

Материаллық мәдений мийрас объектлерин диний шөлкемлерге пайдаланыў ушын бериў нызам актлерине муўапық әмелге асырылады. *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерис киргизилген)*

Диний шөлкемлер ушын жер ажыратыў ҳәм диний имаратлар қурыў белгиленген тәртипте Қарақалпақстан Республикасы Ўәзирлер Кеңесиниң, тийислисинше қала ҳәм район ҳәкимликлериниң руқсаты менен белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

**17-статья. Өндирислик ҳәм хожалық жумысы**

Диний шөлкемниң орайлық басқарыў уйымлары уставтағы мақсетлерден келип шығып, Қарақалпақстан Республикасы нызам актлерине муўапық баспа, өндирислик қайта тиклеў, қурылыс, аўыл хожалық ҳәм басқа кәрханаларды, қайырхомлық мәкемелерин (баспаналар, емлеўханалар) дүзиўге ҳақылы. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында алып тасланған)*

**18-статья. Өз жумысын тоқтатқан диний шөлкемлердиң мүлклерине бийлик етиў**

Диний шөлкемлердиң жумысы тоқтатылғаннан кейин оларға пайдаланып турыў ушын берилген мүлклер оның бурынғы ийелерине қайтарылады.

Диний шөлкемлердиң жумысы тоқтатылған жағдайда, оларға қараслы мүлкине ийелик етиў олардың уставы ҳәм нызам хүжжетлерине муўапық әмелге асырылады.

Кредиторлардың талапларын қанаатландырыў ушын өндириў-ге қаратылыўы мүмкин болмаған сыйыныўға тийисли мүлклердиң дизими диний шөлкемлердиң усынысына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Ўәзирлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди.

Мийрасхорлары болмаған ҳалда, мүлк мәмлекеттиң меншигине өтеди.

**19-статья. Диний әдебиятлар ҳәм диний мақсеттеги буйымлар**

Диний шөлкемлердиң орайлық басқарыў уйымлары диний мақсеттеги буйымларды, диний әдебиятлар менен диний мазмундағы басқа да мағлыўматларды Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы нызам актлеринде белгиленген тәртипте жетистириўге, сыртқа шығарыўға,

сырттан алып келиўге жәнe таратыўға ҳақылы. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында алып тасланған)*

**Сырт елде баспадан шығарылған диний әдебиятларды алып келиў ҳәм таратыў олардың мазмуны нызам актлеринде белгиленген тәртипте экспертизадан өткерилгеннен соң әмелге асырылады.**

Диний шөлкемлердиң орайлық басқарыў уйымы тийисли руксатнама алғаннан соң динге сыйыныў буйымларын ислеп шығарыў ҳәм таратыў ҳуқықына тек ғана өзи ийе болады. *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында алып тасланған)*

**Диний экстремизм, сепаратизм, өшпенлилик ҳәм алааўызлық идеяларын өз ишине алған басылымларды, кино, фото,аудио өнимлерин ҳәм сол тәризли басқа да өнимлерди таярлаў, сақлаў ҳәм таратыў нызам актлерине муўапық жуўапкершиликке алып келеди.**

**20-статья. Диний шөлкемлердиң қайырқомлық жумысы**

**Диний шөлкемлер қайырқомлық ҳәм мийрим-шәпәәт жумысларын әмелге асырыўға ҳақылы.**

**21-статья. Диний шөлкемлерде мийнет қатнасықлары**

**Диний шөлкемлерде мийнет шәртнамалары (контрактлары) бойынша ислейтуғын пуқараларға Өзбекстан Республикасының мийнет ҳаққындағы нызам актлери қолланылады.**

**22-статья. Диний шөлкемлердиң халықаралық байланыслары**

**Диний шөлкемлер ҳүрметленетуғын орынларды зиярат етиў ямаса басқа диний илажларға қатнасыў мақсетинде нызам актлерине муўапық халықаралық байланыслар менен қарым-қатнасықлар орнатыўға ҳақылы.**

**23-статья. Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққындағы нызамларды бузғанлық ушын жуўапкершилик**

**Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққындағы нызамларды бузыўда айыплы болған лаўазымлы шахслар, диний шөлкемлердиң хызметиндегилер ҳәм пуқаралар нызамшылықта белгиленген тәртипте жуўапкершиликке тартылады.** *(ҚР 18.08.2018-ж. 200/XXII-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

ULIWMA BÓLIM
UMUMIY BO'LIM